

## NAN KA TWOP DÒZ

1.

### Konnen dwa legal ou.

Dapre lalwa Bon Samariten an, legalman ou pwoteje kont arestasyon pandan w ap ede yon moun ki pran twop doz dwòg.

2.

### Eseye reveye yo.

Rele non yo epi souke zepòl yo. Pa bay kalòt

3.

### Si yo pa reponn ...

itilize zo dwèt ou yo pou w fwote zo lestomak yo ak fos.

4.

### Si yo pap respire ...

bay yo kek kou souf kòm sekou.

5.

### Sèvi ak Naloksòn, swiv enstriksyon ki sou piki-oto a.

- Kontinye souf sekou yo jiskaske moun lan ap respire.
- Vire yo sou bò yo.
- Rete avèk yo jiskaske EMT a rive.

## SONJE

OU PA KAPAB FÈ YON MOUN  
MAL LÈ OU BAY YO NALOKSÒN.

## W'AP KITE PRIZON?

Si ou itilize opioïd, risk pou w pran twop dòz vinn pi wo nan semèn apre ou fin lage soti nan prizon an. Opioïd ralanti sistèm respiratwa ou epi li ka lakòz respirasyon ou kanpe. Sa konn rive, paske tolerans ou vinn pi ba pandan ou nan prizon. Li pi bon pou ou pa itilize li ankò, men si ou fè sa...


- Pa itilize li pou kont ou - si ou pou kont ou epi respirasyon ou kanpe, ou mouri.
- Pa mele opioïd ansanm ak alkòl oswa lòt dwòg.
- Pa itilize yon opioïd ki soti yon kote ou pa konnen.
- Itilize yon kantite ki pi piti pase sa ou te konn fè deja.
- Pote Naloksòn epi asire ke zanmi ak fanmi ou yo konnen ki kote ou mete li, epi kouman pou yo itilize li.

## SIY TWOP DÒZ

- Enkonsyan oswa pa kapab reveye.
- Pa reponn a doulè.
- Respire dousman oswa mwens, oswa difikilte pou respire tankou trangle oswa bri nan nen.
- Bouch ak zong dwet yo vinn ble, fret oswa po yo mouye.
- Pipiy je ki gwo.
- Batman kè ki ralanti.

# HOGOC

HENRY, OKEECHOBEE & GLADES  
OPIOID CONSORTIUM



RETE VIVAN!

## ITILIZE NALOKSÒN

Pou w jwenn aksè ak resous lokal, tankou founisè tretman, replen sou naloksòn ak sipò rekiperasyon, vizite:

[www.hogoc.org](http://www.hogoc.org)

# RESOUS LOKAL GLADES/HENDRY

1.

## Replen Narcan/Naloksòn

**Ofis Chèf Konte Hendry**  
101 S.Bridge Street Labelle, FL 33935  
863-674-5600  
www.hendrysheriff.org

2.

## Sante Mantal/ Doktè Itilizasyon Sibstans

Peze **2-1-1** oswa rele **239-433-3900** pou infomasyon resous ki-pi-ajou

3.

## Buprenorphine/Suboxone/MAT

Peze **2-1-1** oswa rele **239-433-3900** pou infomasyon resous ki-pi-ajou

4.

## Gwoup Rekiperasyon ki Sipòte Moun ki sou Buprenorphine

• **Ed-Medikaman Rekiperasyon Anonim**  
www.mara-international.org/onlinemeetings

5.

## Gwoup NA ak AA

• **Nakotik Anonim Zòn Gulf Coast:**  
Liy 24 sou 24: 866-389-1344  
www.nagulfcoastfla.org/  
• **National Virtual Narcotics Anonymous**  
www.virtual-na.org/meetings  
• **Alcoholics Anonymous Lee County Area:**  
Rele Liy 24 sou 24: (239) 275-5111  
www.leecountyaa.org/meetings  
lcai@leecountyaa.org

6.

## Sipò Fanmi

• **FA (Fanmi Anonim):** 800-736-9805,  
info@familiesanonymous.org,  
www.familiesanonymous.org  
• **Gwoup Al-anon pou fanmi:** 1-888-425-2666,  
www.al-anon.org

# RESOUS LOKAL OKEECHOBEE

1.

## Replen Narcan/Naloksòn

**Ofis Chèf Konte Okeechobee**  
504 NW 4th St, Okeechobee, FL 34972  
863-763-3117  
www.okeesherriff.org

2.

## Sante Mantal/ Doktè Itilizasyon Sibstans

Peze **2-1-1** oswa rele **(561) 383-1112** ou **(866) 882-2991** pou infomasyon resous ki-pi-ajou

3.

## Buprenorphine/Suboxone/MAT

Peze **2-1-1** oswa rele **(561) 383-1112** ou **(866) 882-2991** pou infomasyon resous ki-pi-ajou

4.

## Gwoup Rekiperasyon ki Sipòte Moun ki sou Buprenorphine

• **Ed-Medikaman Rekiperasyon Anonim**  
www.mara-international.org/onlinemeetings  
• **Adorasyon-santre sou Rekiperasyon -**  
Selebre Rekiperasyon: 863-801-2404,  
www.okeechobeeecog.com/events/celebrate-recovery

5.

## Gwoup NA ak AA

• **Nakotik Anonim Zòn Treasure Coast:**  
772-232-8676 ou 1-844-623-5674 ou  
www.beta.treasurecoastna.com  
• **National Virtual Narcotics Anonymous:**  
www.virtual-na.org/meetings  
• **Alcoholics Anonymous St. Lucie Area:**  
Liy 24 sou 24: (772) 873-9299  
www.aastlucieintergroup.com/meetings

6.

## Sipò Fanmi

• **FA (Fanmi Anonim):** 800-736-9805,  
info@familiesanonymous.org,  
www.familiesanonymous.org  
• **Gwoup Al-anon pou fanmi:** 1-888-425-2666,  
www.al-anon.org

# PLIS ENFÒMASYON AK KÒD QR

**ETAP 1:** Ouvri aplikasyon kamera.

**ETAP 2:** Pozisyon telefòn ou pou kòd QR la ka parèt nan ekran dijital la.

**ETAP 3:** Lanse kòd la!



For more information about opioids or getting help, scan this code using a mobile device



Para obtener más información sobre los opioides u obtener ayuda, escanee este código con un dispositivo móvil



Pou plis enfòmasyon sou opioid oswa jwenn èd, eskane kòd sa a lè l sèvi avèk yon aparèy mobil